



Fimen krak ak metanfetamin an tout sekirite: Yon bilten sou Fantanil, Zilazin, ak Levamizòl

ki sòti nan Massachusetts Drug Supply Data Stream (MADDS)

Fimen se yon altènativ ki pi asire pase piki, men yon ovèdoz ak lòt pwoblèm sante ka toujou rive lè w fimen krak oswa metanfetamin. Aprann plis sou lòt sibstans pou w siveye ki ka gen efè nosif lè w fimen yo: fantanil, zilazin, levamizòl.

Sa ou ta dwe konnen si ou fimen

3 sibstans sa yo se kèk aditif ke ou souvan jwenn nan dwòg ke yo fimen yo.

- Fantanil:** Yon opyoyid ki pisan ak yon gwo risk pou yo fè yon ovèdoz. Fantanil ka ralanti oswa kanpe respirasyon an, anpeche reyaksyon oswa diminye nivo konsans lan. Yo te obsèvè fantanil nan kokayin an poud / wòch (gade imaj yo) antanke yon kontaminan epi pafta konsomatè yo pran l pou kokayin / krak.
- Zilazin:** Yon pwodui chimik sedatif ki dire lontan, men ki pa yon opyoyid. Li ka lakòz ou pèdi konesans, pwovoke gwo absans reyaksyon, ipoglisemi, ralantisman batman kè ak respirasyon redwi. Nan Massachusetts, yo te detekte zilazin nan prensipalman nan opyoyid yo.
- Levamizòl:** Yon koup aktif komen nan kokayin / krak akòz yon sanble menm jan. Li amelyore gwo mouvman ki asosye ak kokayin paske li gen efè ki sanble ak anfetamin. Li ka bay kokayin nan yon aparans klere epi fre, men li pa fasil pou rekònèt san yo pa verifye dwòg la. Levamizòl la ka lakòz gwo plak wouj grav nan po w, yon sistèm iminitè ki afebli, ak lòt pwoblèm sante.

Echantillon kokayin ki genyen Fantanil



Kokayin wòch oswa "krak" ak fantanil




Pip ak kras krak ki genyen fantanil

Imaj ak otorizasyon DrugsData.org

| Kesyon yo poze souvan | Fantanil | Zilazin | Levamizòl |
|--|----------|---------|-----------|
| Èske gen siy/sentòm komen ki asosye ak fantanil (gade pi wo a)? | ✓ | ✓ | ✓ |
| Èske nou ka itilize yon tès fantanil (FTS) pou detekte li? | ✓ | ✗ | ✗ |
| Èske li preznan kèk fwa nan kokayin/krak? | ✓ | ✓ | ✓ |
| Èske nou ka jwenn li souvan nan fantanil/ewoyin/fo grenn doulè yo? | ✓ | ✓ | ✗ |
| Èske li reyaji fas ak Nakan/naloksòn? | ✓ | ✗ | ✗ |
| Èske li ka netwaye oswa boule lè w ap fimen l? | ✗ | ✗ | ✗ |
| Èske li ogmante risk pou yon ovèdoz? | ✓ | ✓ | ✗ |

Pou enfòmasyon sou **Zilazin** ak lòt resous



Risk sou sante ak konsèy pou diminye risk yo

- Lè w pran twòp nan yon estimilan–pa piki, vwa nazal, oswa fimen–kapab koz chalè w ogmante, atak kadyak, kriz, ak AVC: **rele 911**. Melanje fantanil oswa lòt opyoyid ak kèk estimilan volontèman oswa pa aksidan ogmante risk pou w fè yon ovèdoz.
- Levamizòl ka lakòz: gwo plak wouj sou po w, maladi ren, lafèyèv, fatig, sentòm ki sanble ak grip, swe lannwit, pèdi pwa, ak yon sistèm iminitè afebli. **Wè yon medsen** si sentòm sa yo ta parèt epi fè tcheke yo.
- Zilazin ka kontribye nan yon sedasyon eksesif nan menm moman ak opyoyid yo. Malgre ke naloksòn nan pa pral envèse sedasyon eksesif la ki sòti nan zilazin nan, li pral envèse respirasyon ki ralanti an oswa ki kanpe ki sòti nan fantanil la. Donk ou **dwe administre naloksòn** si yon moun pa respire byen epi **pote I sekou ak souf ou oswa ak masaj kadyak** jiskaske li respire poukont li. Pou plis enfòmasyon sou zilazin nan, eskane kòd QR ki pi wo a.
- Pwovizyon dwòg la enprevizib. Pote naloksòn epi rele pou jwenn èd si ta gen yon ovèdoz. **Chèche enfòmasyon kote pwogram rediksyon risk nan zòn ou pou jwenn materyèl pou fimen ki an tout sekirite, tès fantanil, konsèy sou itilizasyon pi asire, ak verifikasyon dwòg ak MADDS yo.**

*Tout echantillon yo te founi pa pwogram rediksyon risk yo oswa pa depatman lapolis pou tès MADDS yo. MADDS se yon kolaborasyon leta finanse ant Brandeis University, Depatman Sante Piblik Massachusetts, divès depatman lapolis vil yo, ak ajans lokal pou rediksyon risk yo.
Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR ki anwo a, vizite streetcheck.org, oswa kontakte nou nan maddsbrandeis@gmail.com.